



Pou Piblikasyon Imedya: 09/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN 65 INITE DEVLOPMAN LOJMAN  
ABÒDAB AK SIPÒ NAN LÈS BUFFALO**

***Pwojè Lekòl 75 lan ofri 33 mezon ki bay sipò pou ansyen militè ak moun ki te andikape nan sèvis militè ak sèvis kominotè nan Kowalisyon Lojman pou Ansyen Militè nan Lwès New York***

***Devlopman an retilize lekkòl piblik 75 lan ki te vid depi lontan nan katye William Emslie nan Lès Buffalo***

***Bilding lan konsakre antanke imèb Charlie Bush pou onore SPC Charles E. Bush, Jr. ki te mouri ann aksyon nan operasyon lib***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman yon devlopman 65 inite lojman abòdab epi ki bay sipò nan Lès Buffalo. Yo te retilize Lekòl 75 lan ki te vid depi lontan pou ofri 47 apatman, ki genyen ladan yo 33 ki gen sèvis sipò pou ansyen militè ak moun ki te andikape nan sèvis militè yo, epi l ap fwaye nouvo biwo komèsyal pou Kowalisyon Lojman pou Ansyen Militè Lwès New York. Nan kad pwojè a, yo te konstui yon lòt 12 bilding nan tout katye a epi bay 18 inite nan pri abòdab.

Ansyen imèb lekòl la konsakre antanke Bilding Charlie Bush pou onore SPC Charles E. Bush, Jr., ki te mouri ann aksyon nan dat 19 desanm 2003, nan operasyon Liberasyon Irak. SPC Bush te yon espesyalis sèvis alimentè ki te asiyen nan 402yèm Batayon Afè Sivil, Tonawanda, N.Y. Prim ak dekorasyon li yo genyen ladan yo Medal Etwal Bwonz, Kè Vyolè, Riban pou sèvis nan lame, Meday pou sèvis defans nasyonal, ak Meday ekselans eleman rezèv nan Lame.

"Anvan Jounen Veteran wikenn sa, nou fyè pou anonse nouvo opòtinite lojman ak sèvis ki taye sou mezi pou sila yo ki te sèvi peyi nou an ak bravou epi ki merite sipò kontini nou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "SPC Charlie Bush te fè dènye sakrifis pandan l ap pwoteje peyi nou an, epi lè nou konsakre imèb la pou onore li, eritaj li ap viv atravè anpil ansyen militè k ap benefisye de aksè elaji nan lojman ak resous dekalite. Chak Nouyòkè, epi espesyalman ansyen militè nou yo, merite lojman ki garanti epi sekirize ki reponn ak bezwen yo."

Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève 4,600 lojman nan pri abòdab nan Buffalo. Pwojè sa kontinye efò sa epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la pou kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Reutilizasyon ki adapte Lekòl 75 lan, ki te konstui alorijin an 1925, prezève eleman achitekti istorik yo. Nouvo estrikti a te konstui sou pòsyon vid nan espas diferan nan tout katye a.

Tout 65 kay yo ap nan pri abòdab pou fanmi ki gen revni nan nivo 60 pousan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi ba. Ven fanmi pral resevwa sèvis sipò sou plas ak sibvansyon pou lwaye ki finance atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State Gouvènè (Empire State Supportive Housing Initiative) a epi se Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York k ap administre li. Trèz fanmi anplis ap resevwa sibvansyon lwaye Kontinyòm Devlopman Lojman ak Iben Etazini (U.S. Housing and Urban Development Continuum of Care) nan Konte Erie.

Ko-devlopè yo se Kowalisyon Lojman Veteran Lwès New York ak Norstar Development USA, L.P. WNYVHC ki se founisè k ap bay sèvis la tou.

Finansman Eta a pou devlopman 29 milyon dola a genyen ladan l 15.8 milyon dola Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ak 4.7 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la. Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta New York la ak Kredi Enpo Istorik Federal ak Eta a te jenere 6.7 milyon dola nan fon pwòp. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay 72,000 dola tou atravè Nouvo Pwogram Konstriksyon Rezidansyèl Ti Bilding lan (Low-Rise Residential New Construction Program). Vil Buffalò te bay 850,000 dola atravè pwogram HOME lan.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare** "Jounen Veteran an se yon moman pou eksprime rekonesans nou anve moun ki te sèvi nasyon nou an avèk bravou epi renouvle angajman nou pou asire ke ansyen militè New York yo gen yon kote ki konfòtab, an sekirite epi sekirize pou viv. Bilding Charlie Bush la bay 33 kay pou veteran yo ak fanmi yo ki gen aksè nan sipò yo bezwen pou pwospere, ansanm ak nouvo fwaye pou Kowalisyon Lojman pou Veteran Lwès NY la pou sèvi kominote a pi byen. Efò reyabilitasyon nan tout katye sa favorize envestisman kontini eta a tou pou kreye plis opòtinite lojman epi amelyore kalite lavi nan Lès Buffalo. Felisitasyon pou tout moun ki te jwe yon wòl nan devlopman ki fè enpak sa".

**Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Gouvènè Hochul kontinye pran mezi pou ogmante òf lojman nan pri abòdab epi ki bay sipò atravè eta a paske li konprann nan ki pwèn

lojman sa yo enpòtan pou kominote kote li sitiye a pou lavi sila yo ki te fè eksperyans sanzabri. Bilding Charlie Bush la ap ofri lojman ki bay sipò ki tèlman nesèsè pou ansyen militè ki fè eksperyans sanzabri yo, k ap pèmèt yo gen yon kote ki an sekirite, nan pri abòdab pou viv kote yo kapab jwenn aksè fasilman nan sèvis yo epi estabilize lavi yo."

**Doreen Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA, te deklare,** "NYSERDA fyè pou sipòte redevlopman Bilding Charlie Bush la, ki demontre kijan yo ka adapte espas yo pou bay Nouyòkè yo aksè nan aparèy dènnye kri Enegy Star, ak ekipman è kondisyone wot pèfòmans pou espas, fenèt ak izolasyon. Pwojè tankou Charlie Bush la ap ede rezidan yo jere itilizasyon enèji yo ak nouvo fonksyon ki efikas ki ka mennen nan ekonomi bòdwo elektisite ki pratik, amelyore konfè yo andedan, epi kontribye nan yon pi bon kalite lavi pou ansyen militè yo nan kominote a."

**Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York lan, Erik Kulleseid, te deklare,** "Kreyasyon lojman nan pri abòdab se yon pwoblèm enpòtan nan tout eta a. Isit la nan Buffalo, kominote yo ap itilize kredi enpo istorik federal ak eta yo pou re-investi nan enfrastrikti ki egziste yo epi bay rezilta ki remakab. Lekòl Piblik 75 lan te sèvi plizyè jenerasyon rezidan Lès Buffalo epi kounye a li gen yon objektif ki renouvle. Fè yon bilding ki te vid tounen yon nouvo fwaye transfòmasyon katye yo epi raple nou ke kolaborasyon ak investisman ka rann tout sòt bagay posib. Nou kontan pou fè pati efò sa yo."

**Reprezantan Brian Higgins te deklare,** "Nan Lwès New York ak lòt kote nou eksperimante yon kriz lojman epi ansyen militè yo souvan vilnerab patikilyèman. Antanke yon peyi, nou te fè pwomès pou pran swen sila yo ki te sèvi e sa vle di ke n ap asire yo gen aksè nan lojman dekalite, nan pri ki abòdab. Gras ak finansman federal ak eta a, n ap revitalize bilding ki egziste yo epi ajoute nouvo konstriksyon nan Lès Buffalo pou bay ansyen militè yo kote ki an sekirite epi nan pri ki abòdab pou yo rele lakay yo, ki byen nome pou onore pwòp SPC Lwès New York, Charles E. Bush, Jr."

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare,** "Pwojè sa pa sèlman fè nouvo lavi respire nan ansyen Lekòl 75 lan, men li te fè sa nan fason entansyonèl - pou abòde defisi lojman an fas, pandan l ap konekte veteran nou yo an menm tan ak sèvis ak resous yo merite pou viv lavi ki antye epi ki sen. New York ap kontinye sipòte opòtinite ki pote transfòmasyon tankou pwojè sa paske nou kwè nan enpak yo genyen pou amelyore kalite lavi epi favorize yon sans kominote ki pi pwofon."

**Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Felisitasyon pou Kowalisyon pou Lojman Veteran Lwès NY ak Norstar Development USA ki acheve 65 inite lojman nan Kote Lès Buffalo. Sa ki depase redevlopman Lekòl Piblik #75 lan, 12 pòsyon vid yo te idantifye pou nouvo konstriksyon an pou ogmante dansite katye a plis. Pwojè sa te pran anpil ane ak anpil rankont kominotè pou reyalize. Mwen ta renmen remèsye HCR, OTDA, NYSERDA ak SHPO pou asistans finansye a pou fè pwojè sa vin yon reyalyte."

**Majistra Vil Buffalo Byron W. Brown te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul ak ekip Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote pou patenarya yo nan misyon kontini nou pou ranfòse lojman nan pri abòdab nan vil nou an. Pwojè sa itilize plis pase de douzèn lo kay vid vil la. Pwojè sa p ap sèlman ede rezidan ki bezwen lojman nan pri abòdab, men l ap bay veteran lokal yo sèvis yo bezwen pou amelyore lavi yo."

**Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare,** "Lojman na pri abòdab se yon bezwen nan Konte Erie epi pwojè sa abòde bezwen sa anfas, ki bay veteran ak moun ki te andikape nan sèvis militè yo sipò ak asistans yo bezwen an. Bilding Charlie Bush la se yon retilizasyon yon ansyen imèb ki ekstraòdinè tou, k ap transfòme yon espas ki mal itilize an yon sant kominotè atreyan ke tout moun ka fyè de li. Pwojè tankou sa ede rezidan konte yo viv epi pwospere nan kominote yo, epi nan ka sa, veteran yo tou."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Kowalisyon Lojman pou Ansyen Militè Lwès NY Gigi Grizanti Cooke te deklare,** "Nou tèlman fyè pou akeyi gran ouvèti imèb istorik ke yo retilize nan fason ki tèlman bèl sa, men nou fyè tou pou konsakre imèv sa nan memwa SFC Charles Bush Junior, ki te grandi nan Buffalo, epi ki te pèdi lavi li tristeman, nan sèvi peyi li nan Liberasyon Irak."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)